***Қарақалпақстан Республикасы***

***Мәлимлеме – китапхана орайы***



# ***«Новелланың  көрнекли устасы»***

## ***Алпысбай Султанов***

***Нөкис  - 2018 жыл***

# *Кирисиў*

Әдебият сыншысы, жазыўшы, шайыр ҳәм драматург Алпысбай Султановтың (әдебий лақабы-Алп Султан). Алпысбай Султанов дәўир менен тең қәдем қойып жүретуғын жазыўшы. Ол дөреткен шығармалардың заманагөйлиги, көркемлиги, қаҳарман образының исенимли сүўретлениўинде, сюжетлердиң қайталанбаўында, тәнҳә автордың өз соқпағына ийе екенлигинде көринеди. Новелла жанрының жетик шебери болған жазыўшы өз шығармаларын көбинесе жаслар турмысынан алып жазады. Бул өмирдиң тәшўишлери көп, лекин адам бир-бирин қыймай жасайды. Шығармалардың көпшилигинде мине усындай пазыйлетлер ҳаққында сөз етиледи. Алпысбай Султановтың ой-пикирлери, көзқараслары өзгелердикине усамайтуғын, қайталанбас идеялары менен айрықша қунлы. Арал бойларында жаслайынан орыс мәдениятына араласып өскен Алпысбай Султановтың исми бизиң әдебиятымызда 70 - жыллардың басында көрине баслады. Рус филологиясы бойынша қәниге, оның дөретиўшилик дүньяға қойған қәдемлери, салған соқпағы да өзинше, өзгелердикине ҳасла усамайтуғын еди. Жер жүзи әдебияты дүрданалары менен тереңнен таныс, рус тили ҳәм рус жазыўшыларының шығармаларын жетик билетуғын оның дәслепки дөретпелерин оқыған оқыўшы жазыўшының Эмиль Золя, Ги де МоПассан, Проспер Мориме, Стефан Цвейг мийнетлеринен рухый азық алғанлығын аңсат аңлай алатуғын еди. Алпысбай Султанов баспа сөзде ең дәслеп студентлик дәўиринде рус тилинде мақалалар жазыў менен қатнасты. Ол адамда журналистикадан көре әдебиятқа деген куштарлық басым болған. Алп Султанның 2007-жылы «Қарақалпақстан» баспасынан шыққан «Мухаббат муқамлары», 2008-жыл «Билим» баспасынан шыққан «Туўылған жер ырғақлары» атлы

сазларды  нама ушын, сазлардың жәрдеминде атқарылыўы зәрүр болып, жазылған қосықларын оқып, олардың шынында да тек нама ушын дөретгенлигин  түсинесең. Ол топламлардағы қосық қатарларынан шайырдың сөз  маржанларына әжайып итибарын, қайтпайтуғын ықласын, нама ырғақларына деген муҳаббатын сезгендей боласаң. Қарақалпақ прозасында Шынғыс Айтматовтың поэтикалық дәстүрлери (монография сында) жазыўшы ҳәм әдебиятшы А. Султановтың мийнетинде қырғыз-қарақалпақ әдебий байланыслары, соның ишинде қарақалпақ прозасында Ш.Айтматовтың поэтикалық дәстүрлери жаңа көз карасларда туңғыш мәртебе үйренилген. Ш. Айтматов шығармалары ҳәм қарақалпақ прозасының дөретпелерине текстлик анализ жасалып, жазыўшылардың шеберлиги изертленген ҳәм кемшиликлери көрсетилген, қарақалпақ жазыўшыларының дөретпелерине қырғыз жазыўшысының әдебий тәсир етиў дәрежеси анықланған, қаҳарман характериниң руўхый диалектикасына жаңаша батыллық пенен қатнас жасаў фактлериниң жүзеге келиўи, көркем - әдебий байланыслар нәтийжесинде қарақалпақ әдебиятының раўажланып баратырғанлығы дәлилленген, актуаль мәселелер көтерилип,  усыныс ҳәм шешимлер ортаға тасланған. Шайырдың поэзиясындағы таң қаларлық айырмашылық соннан ибарат, оның дерлик ҳәмме қосықлары мухаббатқа, Ўатанға, туўылған жерге, сүйген ярға деген ышқы сезимлер менен суўғарылғанлығы. Оның қайсы қосығын алмаңыз, олардың ҳәммесинде муҳаббат  туйғысының отлы ҳәўири есип турады. Белгили композитор Н. Мухамеддинов намасына талантлы артист Рашид Хожасовтың атқарыўында бизге инам еткен «Муҳаббатым қайлардасаң» қосығынан:

**Мухаббатым қайлардасаң,**
**Қайсы мәнзил жайлардасаң,**
**Бәлки ярың дилгир етип,**
**Суў кешкен сол сайлардасаң?!**

**Табалмадым жер жүзинен,**
**Мәгәр жулдыз айлардасаң?!**
**Жүрекгенем жарылажақ,**
**Айтшы жаным қайлардасаң?!**

Ғәрезсизлик жылларында жазған «Новеллалар», «Өмир өткеллери», «Әкем ҳаққында әңгимелер» топламлары менен «Билим» баспасында жарық көрген «Дөҳмет» кинороманы, Сапар Хожаниязов атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик жас тамашагөйлер театрында сахналастырылған «Наҳақтан төгилген қан» тарийхый драмасы журтшылыққа кеңнен таныс. «Қарақалпақфильм» киностудиясында ол 50 ден аслам ҳүжжжетли фильмлер дөретти, жәҳән әдебияты дүрданаларынан Д. Лондон, С.Цвейг, Я. Кавбавата, Э. Хемингуэй, Л. Толстой, А.П.Чехов, М. Горький, В. М. Шушкин, Ш. Айтматовтың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды.

## Алпысбай Султановтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан  жазыўшылар, журналистлер аўқамының, кино ғайраткерлери бирлеспесиниң ағзасы Қарақалпақстан жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты Алпысбай Султанов  1947 - жылы Мойнақ районында туўылды. 1969 - жылы Ол Қарақалпақ  Мәмлекетлик педагогикалық институтын тамамлап. Әдебият майданына талантттың келиўи - бул жаңалық, таң қаларлық қубылыс болып есапланады. Лекин талантлы шығарманың күнде туўыла бермейтуғыны сыяқлы талантттың өзи де дөретиўшилик дүньяға күнде келе бермейди. Арал бойларында жаслайынан орыс мәдениятына араласып өскен Алпысбай Султановтың исми бизиң әдебиятымызда 70 жыллардың басында көрине баслады. Рус филологиясы  бойынша қәниге оның дөретиўшилик дүньяға қойған қәдемлери, салған соқпағы да өзинше, өзгелердикине ҳасла усамайтуғын

еди. Жер жүзи әдебияты дүрданалары менен тереңнен таныс, орыс тили ҳәм орыс жазыўшыларының шығармаларын жетик билетуғын оның дәслепки дөретпелерин оқыған оқыўшы жазыўшының Эмиль Золя, Ги де МоПассан, Проспер Моримее, Стефан Цвейг мийнетлеринен рухый азық алғанлығын аңсат аңлай алатуғын еди. Алпысбай Султанов баспа сөзде ең дәслеп студентлик дәўиринде орыс тилинде мақалалар жазыў менен қатнасты. Ол адамда  журналистикадан көре әдебиятқа деген қуштарлық басым болған.  Сол 1969 - жылдан баслап ол 1976 - жылға шекем ҳәр қыйлы мақаласы гүрриң киби сүўретленип, машақат пенен жазылатуғын «Жеткеншек» те ҳәрқыйлы лаўазымларда жумыс ислеп, дөретиўшилик мийнет етти. Ал Әмиўдәрья журналында жарияланған «Жаўыннан соң» атлы новелласы Алпысбай Султановты жазыўшы сыпатында кең жәмийетшиликке таныттты. Алпысбай Султанов 70 жыллардың басында ақ жәмийетшиликке новеллист - жазыўшы болып танылғаны менен ол өзиниң дәслепки китапларын балаларға  арнап жазды. Сонлықтан шығар «Жеткиншек» газетасында ислеген жети жылға шамалас дәўири Алпысбай Султановты балалар жазыўшысы сыпатында көпшиликке танытып үлгерди. Сол жыллардың өзинде оқыўлықларға кирип кеткен бул шығармаларын автор  1975 жылы «Болар бала бес жасынан» деген ат пенен баспадан шығарды. (1976-1977) жыллары Алпысбай Султанов Өзбекстан илимий- көпшилик ҳәм ҳүжжетли фильмлер студиясының Қарақалпақстан филиалында жумыс иследи. Ол рус тили бойынша қәниге сыпатында редактор-дилмаш хызметинде жумысқа алынды. Сол жылдан баслап бурын 8 фильмди қарақалпақ  тилине аўдаратуғын болса студия жәмийети енди 12 фильмди қарақалпақшалайтуғын болды. Енди Алпысбай Султанов киносценарист сыпатында көркем фильм дөретиўди әрман етти. Сол 1976 жылы «Әмиўдәрья» журналында шыққан «Аўыл жолы» кинoновелласы автордың бул мақсет жолындағы табысларының жемиси еди. (1977-1978) жыллар Қарақалпақ телевидениеси ҳәм радиоеситтириў комитетинде редактор лаўазымында жумыс иследи. (1978-1983) жылларда

Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесинде, (1983-1990) жылларда Қарақалпақ телевидениеси ҳәм радиоеситтириў комитетинде бас редактор болып ҳәм «Қарақалпақфильм» студиясында да хызмет атқарды. Алпысбай Султанов 10 топлам, 1 тарийхый драма, 50 ден аслам хужжетли фильмлер, 60 тан артық нама қосықларының авторы. Оның 7 прозалық, 2 қосықлар топламы, 1 илимий монографиясы басылып шыққан. Новелла жанрының жетик шебери болған жазыўшы өз шығармаларын көбинесе жаслар турмысынан алып жазады. Бул өмирдиң тәшўишлери көп, лекин адам бир-бирин қыймай жасайды. Шығармалардың көпшилигинде мине усындай пазыйлетлер ҳаққында сөз етиледи. Алпысбай Султановтың ой - пикирлери, көзқарaслары өзгелердикине усамайтуғын, қайталанбас идеялары менен айрықша қунлы. Жазыўшының «Болар бала бес жасынан» (1975ж), «Аквариум» (1978 ж), «Назбайгул» (1979 ж), «Мәрмир тастағы жазыў» (1981 ж), «Лунная ночь»(1990ж), «Өмир өткиллери» (1992 ж) деген гүрриңлер ҳәм повестьлери, «Қарақалпақ прозасында Ш. Айтматовтың поэтикалық дәстүрлери» (монография) (2007 ж.), «Дөҳмет» кинороманы (2008 ж.), «Көркем әдебиятта философиялық ой-пикир» (Әдебий-философиялық, илимий- методикалық эссе- мемуарлық мақалалар) (2009 ж.) жазған шығармалары «Билим» ҳәм «Қарақалпақстан» баспаларында басылып шыққан. Алпысбай Султанов әдебияттың дерлик барлық жанрларында қәлем тербеткен жазыўшы, ол өзин әлпайымлыққа салып «шайырман» деп есапламаса да, атақлы қосықшыларымыз, композиторларымыз тәрепинен жазылған оның 60 тан аслам қосығын намаға салып айтып жүр. Оның қосықлары адамның өткен өмирин, инсанның наўқыран жаслық шағын еске түсиреди ҳәм инсанды өзиниң күнделикли тиришилик жағдайын терең ойлаўға ийтермелейди. Оларды тыңлап алтын күн астындағы тиришиликтиң өмирбахый гөззалығын, жаслық өтип баратырса да, келешектиң жарқынлығын, инсаный қәсийетлердиң мәңгилигин сезип қанаатлансаң ҳәм наманы жантәниң менен тыңлап, тәбият бизиң әлпешлеген анамыз болса, онда поэзия ҳәм

музыка биздеги тебреткен бесигимиз. Ол әсирден әсирге өтип жүрекке зерде салып, ой ҳәм сезимди ийелеп,инсанға идея берип тиршиликтиң түпки арқаўы ретинде адамлар менен мәңги өмир сүреди. Алпысбай Султановтың да ҳәр бир жазған қосықлары жүректен орын ала алады десек болады.

Оҳ не деген жаным ашық - ем саған,
Ушырассақ телмирип қарар – ең маған,
Соң негедур келмей, өзгеге кеттиң,
Дийдарың көрмеге интизар еттиң.

Мине бәҳәр келди тағы айланып,
Үнсиз отырарман, узақ ойланып,
Қуслар тереклерге қалды жыйналып,
Бирақ сен келмедиң, аҳыў - зар еттиң.

Әсиресе оның қарақалпақ халқының даңқлы перзенти, бабамыз Аллаяр Досназаровтың өмири ҳәм мәмлекетлик хызметин изертлеў бойынша ислеген жумыслары айрықша дыққатқа ылайық. Алпысбай Султанов айтысып жүрип қарақалпақ халқына автономия әперген бабамыз Аллаяр Досназаров туўралы «Елим деген ер еди…» атлы ҳүжжетли фильминиң авторы болды. Алпысбай Султанов кинороманы журналистлер аўқамының, кино ғайраткерлери бирлеспесиниң ағзасы, Қарақалпақстан жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты болды. Ол кейинги жыллары Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты «Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими» кафедрасының үлкен оқытыўшысы болып иследи. Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамы проза кеңесиниң баслығы болыўы менен бирге «Сәният» көркем өнер журналының бас редакторы лаўазымын биргеликте алып барады. Биз Алпысбай Султановты киши жанрдағы гүррің ҳәм новелланың жетик шебери деп айтқымыз келеди. Әдебият, көркем сөз өнери әзелден халық қәлбиниң көриниси, ҳақыйқат ҳәм әдиллик жаршысы

болып келген. Халқымыз арасынан мине усы оғада машаққатлы тараўға пүткил өмири ҳәм теңсиз талантын бағышлаған, инсанлардың шығармаларын жас әўладқа жеткерип үгит - нәсиятлаў биз китапханашылардың ўазыйпасы деп билемиз.

**Библиографик дизим:**

1. Кирисиў
2. Алпысбай Султановтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети
3. Алпысбай Султановтың өмири ҳәм дөретиўшилик
   хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер
4. Алпысбай Султановтың алған атақ ҳәм сыйлықлары
5. Алпысбай Султановтың қосықларына жазылған намалары
6. Алпысбай Султановтың ҳүжжетли фильмлери
7. Алпысбай Султановтың шығармалары қарақалпақ тилинде
8. Алпысбай Султановтың шығармалары ўзбек тилинде
9. Алпысбай Султановтың шығармалары рус тилинде
10. Алпысбай Султанов ҳәм шығармалары ҳаққында

## *Алпысбай Султановтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер*

1947ж. - Мойнақ районында туўылған

1969ж. – Қарақалпақ Мәмлекетлик педагогикалық институтын тамамлаған

1969-1970жж. - Мойнақ районында «Жеткиншек» газетасы редакторы

1976-1977жж.-Өзбекстан илимий- көпшилик ҳәм ҳүжжетли фильмлер студиясының Қарақалпақстан филиалында жумыс иследи

1977-1978жж.– Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радиоеситтириў комитетинде

1978-1983ж. – Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесинде

1983-1990жж. – Қарақалпақ фильм студиясында

1990 ж.- Сәният журналының бас редакторы

1991-2018жж.-Әжинияз атындағы Нөкис педагогикалық институтының «Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм хуқық тәлими» кафедрасының үлкен оқытыўшысы ҳәм Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамының проза кеңесиниң баслығы.

## *Алпысбай Султановтың алған атақ ҳәм сыйлықлары*

1981ж. - Өзбекстан жазыўшылар, журналистлер аўқамының, кино ғайраткерлери бирлеспесиниң ағзасы.

1982ж. - Қарақалпақстан жаслар аўқамы сыйлығының лаўреаты

1982ж. - Қарақалпақстан Жоқары Кеңесиниң ҳүрмет жарлығы.

2015ж. - Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан ағла муғаллими

## **Алпысбай Султановтың *қосықларына жазылған намалары***

1. «Қарақалпағым» қосығына Қ. Хилалов намасын жазған Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти «Ниҳол» сыйлығының лауреаты М. Утемуратов атқарды.

2. «Гөззал сени мен сүйип қалдым» қосығына Қ. Хилалов намасын жазған Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти «Ниҳол» сыйлығының лауреаты М. Утемуратов атқарды

4. «Умытпа гөззал» қосығына Қ. Хилалов намасын жазған Қарақалпақстан халық артисти М. Дошбаев атқарды.

5. «Ўатан», «Өзбекстан» қосықларына Қ. Хилалов намасын жазған қосықларын Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти М. Сапаева атқарды

6. «Өзбекстан ўатаным мениң», «Бийғәрез бостан» қосықларына Қ. Хилалов намасын жазған Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Б. Каримова атқарды

7. «Қарақалпақстаным», «Өзбекстан» қосықларына (Қ. Хилалов, Ш. Пахратдинов) намасын жазған қосықларын Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Г. Айымбетова атқарды

8. «Мухаббатым қайлардасаң», «Қайдасаң Дилбар» қосығын Н. Мухаммеддинов намасына «Ниҳол» сыйлығының лауреаты Р. Хожасов атқарды.

# Алпысбай Султановтың хүжжетли фильмлери

1.1970 ж.- Халық артисти Айымхан Шамуратова .

2.1970 ж.- Шымбайлы белгили пахтакеш Амангул Сапарова.

3.1970 ж.-Өзбекстанға мийнети сиңген көркем -өнер ғайраткери, шебер қыл қәлем ийеси, Қыдырбай Сайпов «Әмиў бойының салыкешлери» ҳаққында сюжетлер.

4. 1991 ж.- Аўдарма киноның машқалалары.

5. 1991 ж.- «Қарақалпақстан».

6. 1992 ж.- «Елим деген ер еди…»: Аллаяр Доснозаровқа бағышланған хүжжетли фильм.

7. 1992 ж.- «Дәслепки қарлығаш»: Қасым Әўезовқа бағышланған хүжжетли фильм.

8. 1992ж.- «Алатаўлы ағайинде…».

9. 1992ж. - «Исенгеним – адамлар».

10. 2000 ж.- Ана ҳаққында фильм.

11. 2001 ж.- Шыңғыс Айтматов ҳәм қарақалпақ киносы.

12. 2008ж.-Дөҳмет-кинороман.

## *Алпысбай Султановтың шығармалары қарақалпақ тилинде*

1972

1. Кимнен келген бәле?: [сатиралық гүрриң] // Әмиўдәрья. - 1972.- № 7.- Б. 125.

1975

**2.** Сыйпаң-Арза: [сатиралық гүрриң]// Әмиўдәрья.-1975.-№ 5.- Б. 121-122.

1976

**3.** Аўыл жолы: [киноновелла**]** // Әмиўдәрья. - 1976.-№ 8.-Б. 93 - 96.

**4.** Етик: [тымсал] // Әмиўдәрья.-1976.- № 1.- Б. 122-123.

1977

5. Әжелден қутқарылған ақ қуў: **[**гүрриң]// Әмиўдәрья. - 1977.-№ 2.-Б.112-114.

1978

6. Аквариум: [сатиралық гурриң].- Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. - 34 б.

7. Офицердиң әңгимеси: **[**гүрриң] // Әмиўдәрья.-1978.-№ 2.-Б.45 - 49.

8. Өкиниш: [гүрриң] // Әмиўдәрья. - 1978. - № 10.- Б. 89 - 90.

1979

9. Бахытлы болғым келеди: [повесть] // Әмиўдәрья.-1979 - № 10.-Б. 3.

10. Назыбайгүл: [повесть ҳәм гүрриңлер]- Нөкис: Қарақалпақстан, 1979. - 95 б.

1981

11. Мәрмер тастағы жазыў: [повесть ҳәм гүрриңлер]- Нөкис: Қарақалпақ - стан, 1981. – 155 б.

1985

12. Қуралай ҳаққында ҳикая:[қосық] // Әмиўдәрья.-1985.-№ 12.- Б. 44 -45.

1991

13. Аўдарма киноның машқалалары: [кино жаңалығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1991. – 25 окт.

14. Қарақалпақстан кино журналының нәўбеттеги санында: [кино жаңалығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1991. – 28 дек.

1992

15. «Алатаўлы ағайинде…»: [кино жаңалығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 7 апр.

16. «Елим деген ер еди…»: [кино жаңалығы; Аллаяр Досназаровқа бағышланған фильм ] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 14 июль.

17. «Дәслепки қарлығаш»: [кино жаңалығы; Қасым Әўезов ҳаққында фильм түсирилип атыр ] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 17 нояб.

18. Кинемотографистлердиң Қарақалпақстан бөлими дүзилди: // Еркин Қарақалпақстан.-1992.-9 июль.

19. Киноға қәўендерлик керек: [Тил ҳаққында нызам орынланып атыр ма] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 11 июнь .

20. Кино жаңалықлары: [кинопремьера; «Исенгеним – адамлар»] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 4 март .

21. Қарақалпақстан спорты киноға түсирилип атыр: [кино жаңалығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 21 май.

22. Қараөзектеги кинопремьера: [кино жаңалығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 25 окт.

23. Фильм қаҳарманы – Илҳам Эркаев: [кино жаңалығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 19 нояб.

1995

24. Дәслепки директор: [Қарақалпақстан киносының 25 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. – 25 февр.

25. Дәўир менен тең қәдем таслап: [Қарақалпақстан киносының 25 жыл] // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. – 6 апр.

1996

26. Ақыбет: [новелла] // Қарақалпақстан жаслары.-1996.-16 май.

27. Бийғәрез бостан; Өзбекстаным;Өзбекстан–Ўатаным мениң:[қосықлар] // Қарақалпақстан жаслары. - 1996. - 14 март.

28. Дөҳмет:[ҳүжжетли кинороманнан үзинди А. Досназаровтың 100 жыллығы алдынан] // Әмиўдәрья. - 1996.- № 1.- Б. 122 - 123.

1997

29. Әжел: [новелла] // Еркин Қарақалпақстан. - 1997. – 24 май.

30. Мухаббат мухамлары: Умытпа гөззал; Яр ышқы; Сағыныш; Жангенем; Кел мениң ярым: [нама қосықлар дүркини] // Қарақалпақстан жаслары.-1997.-2 окт.

1998

31. Мухаббат мухамлары: Бир арыў; Назлы дилбарым ; Ярысаң сен енди өзгениң; Айгүлим; Мухаббат: [нама қосықлар дүркини] // Қарақалпақстан жаслары. - 1998 - 12 март.

32. Қайтыў: [новелла] // Әмиўдәрья. - 1998.- №6. - Б.66-68.

33. Ышқы: [новелла] // Еркин Қарақалпақстан. - 1998. – 15 янв.

1999

34. Қамақтан келген хат ямаса өлим жазасына ҳүким етилген адамның ишки дебдиўлери: [гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. – 12 янв.

2000

35. Ана ҳаққында фильм: [кино жаңалығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2000. – 22 июль .

36. Қайнаға: (келин тилинен), Мырзаға: (жеңге тилинен), [қосықлар] // Қарақалпақстан жаслары. - 2000. - 30 март.

2001

37. Шыңғыс Айтматов ҳәм қарақалпақ киносы: [кино жаңалығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2001. – 23 янв.

2002

38. Узақбай Пиржановтың пикирлеў дүньясы // Еркин Қарақалпақстан. - 2002. – 9 фев.

2003

39. Аўдарма кино да халқымыздың руўхый азығы емес пе? // Устаз.- 2003.-10 июль.

40. Мухаббатқа толы сулыў сезимлер // Устаз жолы.-2003.-6 март.

2005

41. «Көздиң қарашығы» романында философиялық ой - пикирлер // Еркин Қарақалпақстан. - 2005. - 1 нояб.

42. Көркем әдебиятта философиялық ой пикир // Еркин Қарақалпақстан. - 2005. - 6 янв.

2006

43. Зийўарды дәрба -дәр еткен мухаббат: [мухаббат философиясы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. - 10 июнь.

44. Интизарым: [эссе, новелла] // Мәденият ҳәм спорт.-2006. - 22 июль.

45. Келиншек бола алмаған ҳаял: [новелла ] // Қарақалпақстан жаслары.-2006.-30 март.

46. Қарақалпақ киносының қутлы қәдемлери: [кинорежиссёр Т. Қәлимбетов ҳаққынды ] // Еркин Қарақалпақстан. -2006. - 28 сент.

47. Қарақалпақ поэзиясында философиялық ой-пикир: [И. Юсупов, Т.Мәтмуратов, С. Ниетуллаев қосықлары мысалында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. - 14 сент.

48. Мухаббат философиясы: [жеке пикир-жеке көз қарас] //Қарақалпақстан жаслары.- 2006.-16 нояб.

2007

49. Ат образы - символ сыпатында // Устаз жолы. - 2007. - 13 янв.

50. Жалғызлық: [новелла] («Еркин заман, еркин адам» таңлаўына) // Устаз жолы. - 2007. - 30 июнь.

51. Мухаббат мухамлары: [қосықлар]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 2007. - 40 б.

52. Қарақалпақ прозасында Ш. Айтматовтың поэтикалық дәстүрлери: [монография] -Нөкис: Билим, 2007.-112 б.

53. Өмир дәптери: [дүркин]; («Жаратылыс», «әкеме», «анама», «сарғыш жапырақлар») [ қосықлар] // Мәдeният ҳәм спорт.-2007.-17 нояб.

54. Өмир: [новелла] («Еркин заман, еркин адам» таңлаўына) // Әмиўдәрья.-2007.-№ 3.-Б.55- 66.

2008

55. Дөҳмет: [кинороман, киноновелла]. - Нөкис: Билим, 2008.- 160 б.

56. Жүректе қайнап шыққан қосықлар: [С. Ниетуллаевтың «Өмир ҳаққында ойлар» топламы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2008. - 3 май.

57. Қосықларда шадлығы, бахты, әлеми: [С. Ниетуллаев ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2008. - 31 июль.

58. Новеллалар. - Нөкис: Билим, 2008.-244 б.

59. Өмир өткеллери: [повестьлер,гүрриңлер]. - Нөкис: Билим, 2008.-188 б.

60. Туўған жер тәрийпи: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 2008. - 15 апр.

61. Туўылған жер ырғақлары: [қосықлар]. - Нөкис: Билим, 2008.- 39 б.

62. Шайыр шығармаларына философиялық талқы: [И. Юсупов поэзиясы ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2008. - 30 окт.

2009

63. Әдебиятымыз ғәзийнесине ылайықлы үлес // Қарақалпақстан жаслары. -2009. – 27 июнь .

64. Көркем әдебиятта философиялық ой-пикир: [әдебий-философиялық, илмий-методикалық, эссе - мемуарлық мақалалар].- Нөкис: Қарақалпақстан, 2009. – 128 б.

2010

65. Мухаббат мәўритлери: [повестьлер ҳәм гүрриңлер ]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 2010. - 128 б.

2013

66. Жоқары журтлардағы қарақалпақлар: [жол жазыўшылары]. - Нөкис: Сәният, 2013. - 48 б.

2014

67. Зийуардың зарлы мухаббаты: [мақала] // Сәният. - 2014.- № 3 - 4. - Б.22-23.

68. Жалғызлық: [новелла ] // Әмиўдәрья.-2014.-№1.-Б.24-27.

69. Метродағы ушырасыў, Ғарры ҳәм қошқар, Еки арбаша, Жойтылмай қалған жүзик: [новеллалар] // Әмиўдәрья. - 2014. - № 5. - Б. 6 - 24.

2015

70. Ақ жылан: [тымсал] // Ustaz joIi. - 2015.- 13 июнь.

71. Балалығым: [киноқисса,новеллалар, гүрриңлер, аңызлар,апсаналар]- Нөкис: Қарақалпақстан, - 2015.- 96 б.

72. Ғәрезсизлик дәўириниң дәстаны: [гүрриң] // Әмиўдәрья.- 2015.- № 6. -Б. 94 - 98.

73. Дүнья саған күлип бақсын, Зерхан: [мақала] // Сәният.-2015.-№ 3 - 4.-Б.24.

74. Нанның қәдири, ямаса қарға айналған ун: [анам айытқан әпсана] //Қарақалпақ әдебияты.-2015.- май.

75. Суўқабақ: [әкем айытқан аңыз] // Қарақалпақ әдебияты. - 2015.- май.

76. Урыс қаҳарманына арналған поэма:[мақала] // Сәният. - 2015.-№ 3-4.-Б.16 -17.

2016

77. Ақсақ ғарға ойнаған ақсақ қыз: [новелла] //Қарақалпақ әдебияты.- 2016.- апр.

## *Алпысбай Султановтың шығармалары өзбек тилинде*

**78.** Оқибат: [новелла] / М. Қурбонбаев таржимоси // Аму тонги.-1997.- № 41.-23 окт.

## *Алпысбай Султановтың шығармалары рус тилинде*

**79.** Лунная ночь: [повести и рассказы]-Нукус: Каракалпакстан,-1990.- 268 с.

## *Алпысбай Султанов ҳәм шығармалары ҳаққында*

**1997**

80. Абдиев А. Жазыўшының үлкен жанрдағы биринши тәжирийбеси: [А. Султановтың «Дөҳмет» атлы романы ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 1997.- 6 фев.

81. Алламбергенов К. Новелланың жетик шебери: [А. Султанов ҳаққында] // Әмиўдәрья. - 1997.- № 3 - 4. –Б .74 - 76.

82. Қурбонниёзова Г. Новелланинг моҳир устаси: [Олтмишбой. Султонов ҳақида] // Аму тонги.- 1997.-11 апр.

2007

83. Сәтбаев З, Нәжиматдинов Қ. Алпысбай Султанов дөретиўшилигинде Досназаров темасы: // Устаз жолы. - 2007. - 7 июль.

2009

84. Алламбергенов К. Жазыўшы, шайыр, драматургтың өткир қәлеми: [А. Султанов ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2009.- 4 июнь.

85. Алламбергенов К. Өмир шынлығы сәўлеленген новеллалар: [А. Султанов ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2009.- 22 янв.

86. Қуромбоев К. Ёзувчи салоҳияти: [Олтмишбой Султонов ижодига бир назар ] // Аму тонги.- 2009. - 9 апр.

2015

87. Сапаров Қ, Ембергенов А. Шайырдың жол жазыўлары: [А. Султанов ҳаққында]// Устаз жолы.-2015.- 1 окт.

**Дүзиўши:**

**Үлке таныў сектор баслығы:** **Ж. Тлеўбаева**